

Sa a se yon avi enpòtan konsènan avantaj plan Medicaid managed care ou a. Tanpri li l'avèk anpil atansyon. Si ou gen nenpòt kesyon, tanpri rele nou nan 1.800.303.9626.

**Soti 1ye Janvye 2023** MetroPlusHealth ap kouvri frè Terapi Analiz Konpòtman Aplike (Applied Behavior Analysis) (ABA):

- Analis Konpòtman lisansye (LBA) a ba ou, oswa
- Asistan Analis Konpòtman kalifye (CBAA) sou sipèvizon yon LBA.

#### **Ki moun ki ka resevwa ABA?**

Timoun/Jèn ki gen pi piti laj pase 21 lane ki gen twoub otis spèktyoum (autism spectrum) ak/oswa Sendwom Rett. Si ou panse ou kalifye pou ou resevwa sèvis ABA yo, pale ak founisè w la konsènan sèvis sa a. MetroPlus Health pral travay avèk ou ansanm avèk founisè w pou asire ou resevwa sèvis ou bezwen an.

#### **Sèvis ABA yo gen ladan:**

- tretman ak evalyasyon yon doktè fè, analis konpòtmantal lisansye oswa asistan analis konpòtmantal sètifye,
- tretman endividylèl ou resevwa adomisil oubyen lòt anviwonman
- tretman konpòtman an gwooup ki adapte, ak
- fòmasyon e sipò pou fanmi ak moun k ap travay lakay la.

Nou mete ajou manyèl manm ou a pou mete novo benefis sa a. Mizajou sa a disponib sou sit entènèt nou an sou: [www.metroplus.org/](http://www.metroplus.org/)

#### **MetroPlusHealth la pou ou.**

Tanpri rele sèvis pou Manm yo nan 1.800.303.9626 (TTY: 711) si ou:

- gen nenpòt kesyon sou enfòmasyon sa a;
- pa kapab jwenn aksè sou entènèt pou wè mizajou sa a; oswa
- ou vle resevwa mizajou sa a pa lapòs

Kòdyalman,

MetroPlus Health